

Selan Dantè yo Pwoteje Dan yo!

**Kisa
selan dantè
yo ye?**

- Selan dantè yo se revètman an koulè pou dan ki ranpli twou nan dan dèyè yo.
- Pifò kari dantè nan timoun fèt nan dan molè yo.
- Selan yo fè manje ak jèm ki lakoz kavite yo rete deyò.

**Ki dan ki
ta dwe
plonbe?**

Sifas pou dan dèyè yo (molè) dwe plonbe. Sa yo se dan ki genyen plis kavite.

**Kijan yo
mete selan
yo sou dan
dèyè yo?**

- Dan ki bezwen selan dantè yo netwaye ak yon bwòs.
- Materyèl selan an kolore on the tooth and quickly hardens.
- Li pa fè mal epi sa pran kèk minit sèlman pou plase selan an.

**Èske kari
dantè ka
fèt anba
selan yo?**

Selan dantè yo anpeche kari jèm yo pwovoke yo resevwa manje yo bezwen pou yo viv. Lè sa, kari yo pa gen chans pou yo devlope, menm si gen kèk jèm ki kwense anba selan an.

DAN KI AN SANTE EDE TIMOUN YO:

- Travay pi byen nan lekòl
- Rete plis an sante epi gen mwens jou malad
- Gen bèl souri, ki fè zanmi

Anvan Selan Dantè



Manje ak bakteri vin kwense nan twou ak kwen yo.

Aprè Selan Dantè



Twou ak kwen yo plonbe epi pwoteje kont manje ak bakteri.





**Konbyen
tan selan
yo ap dire?**

Rechèch yo montre ke selan dantè yo ka dire anpil ane, e y ap pwoteje dan timoun yo nan ane kavite ki pi difisil yo. Depi yo plase selan yo sou sifas pou kraze dan dèyè yo, y ap tcheke yo yon fwa pandan vizit dantè ou yo, e y ap aplike plis selan si li manke.



**Èske selan
yo ap fè
w santi dan
yo diferan?**

Yon selan dantè ka vizib tou piti jiskaske li vin rete anplas toutotan dan yo mache nòmalman. Akoz selan yo mens anpil e se kwen ak twou yo yo ranpli sèlman, yo p ap lakoz yon chanjman pou mòde.

KIJAN OU KA EVITE KARI DANTÈ??

- 1 Bwose epi pase fil chak jou.
- 2 Bwè dlo ki fliyore epi itilize pat dantifris fliyore.
- 3 Bwè dlo ki fliyore epi itilize pat dantifris fliyore.
- 4 Manje manje ki byen balanse epi evite manje sikre.
- 5 Vizite dantis regilyèman.

KIJAN OU KA JWENN SELAN DANTÈ?

Mande dantis oubyen pwogrèm sante dantè ki baze nan lekòl ou an enfòmasyon sou fason pou jwenn selan dantè yo.

Pou plis enfòmasyon sou selan dantè yo, verifye SEAL CT! nan www.ct.gov/dph/oralhealth

**Kontak lokal ou pou
selan dantè:**



Enfòmasyon ki adapte nan Pwogram Sante Oral Michigan, SEAL Michigan, ak pwogram "Selan Sove Dan!" Depatman Sante ak Sèvis Imen Michigan (Michigan Department of Health & Human Services) Depatman Sante Kominochè Michigan (Michigan Department of Community Health "smile") Pwogram Selan Dantè Michigan (Michigan Dental Sealant Program)", ak "Pwogram Selan ki baze nan Lekòl nan Arizona", Depatman Sèvis Sante Arizona (Arizona Department of Health Services). Pwojè sa sipòte pa Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration, HRSA), Depatman Sante ak Sèvis Imen Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) ak Sibvansyon Sante Oral Mendèv T12HP28885, pou \$1,200,000. Enfòmasyon oubyen kontni ak konklizyon yo se pou otè a e yo pa ta dwe entèprete kòm pozisyon ofisyèl oubyen politik, ni kòm okenn entèpretasyon pa HRSA, HHS oubyen Gouvènman Ameriken an."

